




Kijan n'ap fè sa

Sismik Refleksion

Yon bato ki sou lak la fè yon son ki rebondi sou fon lak la. Yon seri de lòt ti aparèy ke nou plase sou dlo a, mezire konbyen tan son sa a pran pou li fè eko nan fon lak la epi remonte sou dlo a. Sa pèmèt nou konnen ki pwofondè lak la ak epesè kouch sòl ki anba lak la.

Kawotaj

Nou foute yon tib nan sab ki anba lak la, sa ki pèmèt nou remonte ak kantite sab (pa anpil). Apre sa, nou pral analize sab sa yo nan laboratwa pou nou konn ki kalite sab yo, ki kote yo soti e depi konbyen tan yo rive la.

Kolaborasyon entènasyonal

Yon ekip ki gen ladan plizyè moun ki soti nan inivèsite ak ajans gouvènman nan plizyè peyi :

Unité de Recherche en Géosciences
Université d'Etat d'Haïti

Unité Technique de Sismologie
Bureau des Mines et de l'Énergie, Haïti

Laboratoire National du Bâtiment et des Travaux
Publics, Haïti

Graduate School of Oceanography
University of Rhode Island, USA

Lehman College
City University of New York, USA


Large Lake Observatory Research Lab University of
Minnesota-Duluth, USA

Lac|Core
National Lacustrine Core Facility
University of Minnesota-Minneapolis, USA

Pwojè sa a, se National Science Foundation (USA)
ki bay kòb pou li fèt ak sipò plizyè enstitisyon peyi
Dayiti



Pwojè Lak Azuei





Pou kisa Pwojè Lak Azuei a ?

Chache konnen ki kalite sòl ki anba lak la pou nou ka konprann pi byen gwo tranbleman tè (goudougoudou) ki te pase nan zòn nan.

Kisa ki fè tè a tranble?

Tè a gen kote ladan li ki fele. Na jewoloji, yo rele sa "fay" Sa konn rive ke nan kèk nan kote sa yo gen yon mouvman bridsoukou ki fèt. Se sa nou rele tranbleman tè (goudougoudou).



"Menas tranbleman tè (goudougoudou)"

Se yon gwo dezaz ki, nan yon ti moman, ka touye anpil moun, blese anpil lòt, rann kèk moun tou kokobe pou rès lavi yo; mete dife; kraze kay, wout, waf, ayopò, koupe kominikasyon pa telefòn, liy eletrik ak anpil lòt dega.

Kijan pwojè sa a ka diminye menas tranbleman tè (goudougoudou)

Pa gen anken moun ki ka di kilè goudougoudou a ap pase, men moun ka fè lasyans ka chache konnen ki zòn ki pi an danje. Apre, syantifik yo kay bay Leta enfòmasyon sa yo ki ka sèvi pou enfòmasyon popilasyon an epi ede peyi a fè fas a dezaz sa a.

Pou kisa pou Ayiti pran menas goudougoudou a ak anpil serye ?

Gen 2 gwo fay ki travèse peyi a Dayiti. Fay sa yo bay gwo tranbleman tè déjà e yo gen pou yo bay gwo tranbleman tè ankò (nou pa ka konn ki lè).

Kijan etid ki fèt sou lak Azuei la ka pèmèt nou konprann tranbleman tè (goudougoudou)?

Goudougoudou brase bil sab ki anba lak la sa kif è ke nou ka rejwenn tras li. Pwojè sa ap chache jwenn tras ansyen goudougoudou nan sab ki anba lak la.